RISALAH

RAPAT PARIPUNA

MILANGKALA PURWAKARTA KA - 191
MIWAH KABUPATEN PURWAKARTA KA - 54

"Pemulihan Ekonomi Masyarakat, Kebangkitan Pariwisata, Dan Pelestarian Lingkungan Hidup"

DPRD KABUPATEN PURWAKARTA

RISALAH :

SAWALA KARAHAYUAN
DPRD KABUPATEN PURWAKARTA
DINA RARAGA MIELING TAPAK GELAR
(HARI JADI) KA- 191 PURWAKARTA,
MILANGKALA KA-54
KABUPATEN PURWAKARTA

DINTEN	:	REBO;
PING	:	20 JULI 2022;
TABUH	:	08.30 WIB;
TEMPAT	:	RUANGAN RAPAT PARIPURNA DP

BISMILAHIRROHMANIRROHIM

ASSALAMU'ALAIKUM WR. WB.

SALAM KAWILUJENGAN KANGGE URANG SADAYA

SAMPURASUN.....

ANU DIPIHORMAT, BUPATI PURWAKARTA, SARENG WAKIL BUPATI PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT, WAKIL KETUA KOMISI IV DPR – RI, BAPA H DEDI MULYADI, SH;

ANU DIPIHORMAT, ANGGOTA KOMISI XI DPR RI IBU. PUTERI ANETTA KOMARUDIN B.Com;

ANU DIPIHORMAT, GUBERNUR JAWA BARAT KALIH IBU;

ANU DIPIHORMAT, KETUA DPRD PROPINSI JAWA BARAT;

ANU DIPIHORMAT, SEKRETARIS DPRD PROVINSI JAWA BARAT;

.

ANU DIPIHORMAT, KEPALA BIRO DEKOSENTRASI SETDA PROVINSI JAWA BARAT;

ANU DIPIHORMAT, UNSUR FORUM KOMUNIKASI PIMPINAN DAERAH KABUPATEN, DI ANTAWISNA :

ANU DIPIHORMAT, DAN LANUD SURYA DARMA;

ANU DIPIHORMAT, KEPALA KEPOLISIAN RESORT PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT, KEPALA KEJAKSAAN NEGERI PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT, KOMANDAN DISTRIK MILITER 0619 PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT, KETUA PENGADILAN NEGERI PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT, KETUA PENGADILAN AGAMA KABUPATEN PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT,	KEPALA KEMENTRIAN AGAMA RI KAB. PURWAKARTA ;
ANU DIPIHORMAT,	KOMANDAN RESIMEN ARMED 1/SY/I KOSTRAD;
ANU DIPIHORMAT,	DAN YON ARMED 9 PASOPATI;
ANU DIPIHORMAT,	KOMANDAN SUBDENPOM III PURWAKARTA;
ANU DIPIHORMAT,	KA LAPAS KABUPATEN PURWAKARTA;
ANU DIPIHORMAT,	KETUA MUI KABUPATEN PURWAKARTA;
ANU DIPIHORMAT,	PARA WALIKOTA/BUPATI SA- PROVINSI JAWA BARAT;
ANU DIPIHORMAT,	KETUA DPRD SA-PROVINSI JAWA BARAT;
ANU DIPIHORMAT,	SEKRETARIS DPRD SA-PROVINSI JAWA BARAT;
ANU DIPIHORMAT,	PARA BUPATI SARENG WAKIL BUPATI MANTEN PURWAKARTA;

.

ANU DIPIHORMAT, PARA ANGGOTA MANTEN DPRD KABUPATEN PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT, PARA SEKRETARIS M A N T E N DPRD KABUPATEN PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT, PARA REKTOR, PERGURUAN TINGGI SINARENG PINGPINAN PARTAI POLITIK OGE PINGPINAN ORGANISASI KEMASYARAKATAN, ANU NGAGABUNG DINA ORGANISASI WANITA, PEMUDA, MAHASISWA, PROFESIONAL KATUT FUNGSIONAL;

ANU DIPIHORMAT, PARA CAMAT, LURAH MIWAH PARA KEPALA DESA;

ANU DIPIHORMAT, PJ.SEKRETARIS DAERAH SARENG PARA PINGPINAN PERANGKAT DAERAH PEMERINTAH KABUPATEN PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT, PARA PINGPINAN BUMN SINARENG BUMD SA-KABUPATEN PURWAKARTA;

.

ANU DIPIHORMAT, PARA ALIM ULAMA, TOKOH MASYARAKAT SINARENG PARA WARTAWAN ;

ANU DIPIHORMAT, BAPA SINARENG IBU ANU SAMI HADIR NGALUUHAN SAWALA PARIPURNA DI GEDUNG DPRD KABUPATEN PURWAKARTA.

MUGI SADAYANA AYA DINA GINANJAR KAWILUJENGAN, KABAGJAAN, TUR AYA DINA ROHMAT ALLAH SWT.

PUJI SINARENG SYUKUR URANG SEBA-DASTAKEUN KA KERSANING ALLAH SWT ANU PARANTOS MAPARIN ROHMAT SINARENG HIDAYAH KA URANG SADAYA, DUGI KA DANGET IEU MASIH KENEH DIPAPARIN KASEMPETAN KANGGO SASARENGAN NGIRING NGALUUHAN SAWALA PARIPURNA DPRD KABUPATEN PURWAKARTA, DINA RARAGA MIELING TAPAK GELAR (HARI JADI) KA-191 PURWAKARTA MIWAH MILANGKALA KA-54 KABUPATEN PURWAKARTA. DINA IEU KASEMPETAN SIM KURING SEJA NGAHATURKEUN REBU

.

NUHUN LAKSA KETI KABINGAHAN KU SUMPINGNA BAPA MIWAH IBU, SINARENG SADEREK SADAYA. SALAJENGNA TEU HILAP SEJA SINUNGKEM SHOLAWAT KALIH SALAM PIHATUR KANGJENG NABI MUHAMMAD SAW, OGE KA KULAWARGA, SOHABAT SINARENG KA PARA UMATNA DUGI KA AKHIR JAMAN.

KALAYAN NYEBAT :

"**BISSMILLAH HIRROHMAN NIRROHIM**"

SAWALA PARIPURNA DPRD KABUPATEN PURWAKARTA DINA DINTEN IEU, REBO KAPING 20 JULI 2022 DIBUKA KALAYAN IASA DISAKSEN KU SAKUMNA MASYARAKAT UMUM .

_____KETUK PALU 3 X_____

BAPA SINARENG IBU ANU KU SIM KURING DIPIHORMAT,

SATEUACAN DIKAWITAN SAWALA PARIPURNA DINA DINTEN IEU, SIMKURING NEDA WIDI PIKEUN NGADUGIKEUN SABABARAHA HAL DI ANTAWISNA: KIWARI KABUPATEN PURWAKARTA, LIR IBARAT WANOJA KEUR JUMEKAR-NEBARKEUN PAMIKAT SARI. TI MANGSA SAPULUH

TAUN KA LARUNG, IEU HAL TEU LEUPAS TINA KARANCAGEAN PARA PAMINGPIN DAERAHNA ANU SATEKAH POLAH NGAGARAP KALAYAN LEUKEUN NATA PROGRAM-PROGRAM ANU BISA NGARONJATKEUN PANGWANGUNAN DI DAERAH. ALHAMDULILLAH, DANGET AYEUNA KABUPATEN PURWAKARTA JADI DAERAH ANU DIPIKAGIMIR DI KANCAH NASIONAL OGE INTERNASIONAL. LAIN NGAN SAUKUR DINA *SEKTOR INFRASTRUKTUR,* KIWARI SEKTOR PARIWISATA DI PURWAKARTA OGE NGALAMAN AYA RONJATNA. BOH DINA *KUALITAS* OGE *KUANTITAS OBJEK* WISATANA. NUMAWI, TEU HELOK KIWARI PURWAKARTA JADI *MAGNET* PIKEUN PARA *WISATAWAN* IEU KONDISI DUMASAR KANA NGARONJATNA PANGWANGUNAN *INFRASTRUKTURNA*. TEU HELOK UPAMI WISATAWAN SUMPING KA PURWAKARTA NGARASA BETAH TUR TUMANINAH. NGARONJATNA IEU *SEKTOR* WISATA TEH, TANGTOS MANGARUHAN KANA NGARONJATNA EKONOMI MASYARAKAT.

DUMASAR KANA *DOKUMEN RENCANA PEMBANGUNAN JANGKA MENENGAH DAERAH (RPJMD) TAHUN 2018-2023*, SAMEMEH *PANDEMIC COVID*, KACATET AYA OPAT PROGRAM NU JADI MISI PANGWANGUNAN. ANA PON DI ANTARA

MISINA, NYA ETA :

1. NGARONJATKEUN *KUALITAS PENDIDIKAN, KESEHATAN JEUNG KESEJAHTERAAN SOSIAL*;
2. NGARONJATKEUN *TATA KELOLA* PEMERINTAHAN ANU HADE, BERSIH JEUNG PROFESSIONAL;
3. NGAWUJUDKEUN PANGWANGUNAN *INFRASTRUKTUR* ANU *ANDAL* JEUNG PAMEKARAN PARIWISATA *BERWAWASAN LINGKUNGAN YANG BERKELANJUTAN*; MIWAH
4. NGAWUJUDKAN PEREKONOMIAN RAHAYAT ANU WEWEG *BERBASIS* DESA.

NAMUNG, DINA MANGSA *PANDEMIC*, PEMKAB PURWAKARTA KAPAKSA KEDAH NGALAKUKEUN PA- ROBAHAN MISI PANGWANGUNAN ANU KAWENGKU KU RPJMD. ANTUKNA, SEUEUR PROGRAM ANU KATUNDA AKIBAT AYANA *PERALIHAN* ANGGARAN, *REFOKUSING* ANGGARAN, IEU NYOKO KANA *TARGET* RPJMN ANU DITETEPKEUN KU PAMARENTAH PUSAT. DAERAH DIPEREDIH PIKEUN NGALAKUKEUN UPAYA *RE-ALOKASI ANGGARAN* GUNA NGURANGAN *DAMPAK COVID-19*. SAWATARA KAGIATAN KHUSUSNA ANU SIPATNA *INFRASTRUKTUR* DITUNDA HEULA MALAHAN

.

DIEUREUNKEUN.

SEUEUR PISAN PANGWANGUNAN ANU TEU ACAN KAGARAP. PAMARENTAH OGE AYEUNA PARANTOS NYUSUN RENCANA KERJA PEMERINTAH DAERAH (RKPD) 2022, JEJER PANGWANGUNAN PURWAKARTA LANGKUNG NGUTAMIKEUN KANA MAHEUTKEUN KARAHARJAN MASYARAKAT SARENG *DAYA SAING DAERAH YANG BERKELANJUTAN*. PIKEUN NGALAKSANAKEUN ETA JEJER TEH, TAREKAHNA NYA ETA NGARONJATKEUN AJEN MASYARAKAT ANU *BERWAWASAN LINGKUNGAN* MAYUNKEUN KANA USAHA *PEMULIHAN* EKONOMI SABADA *PANDEMI COVID 19* DINA SAGALA WIDANG, NGARONJATKEUN JEUNG NAGALAKSANAKAN PAMARENTAHAN NU MERENAH TUR NYOKO KANA IPTEK SARTA NGARONJATKEUN *INFRASTRUKTUR* PEREKONOMIAN MASYARAKAT. BOH DI TINGKAT NASIONAL OGE DI TINGKAT DAERAH. SADAYA ANGGARAN PANGWANGUNAN NUJUL KANA TILU ASPEK NYA ETA, PIKEUN KASEHATAN, *PENGAMAN JARING SOSIAL MASYARAKAT*, SARENG *PEMULIHAN* EKONOMI. HARTOSNA, AYA SABABARAHA PROGRAM KAGIATAN ANU DIUTAMIKEUN PANGWANGUNANNANA.. JALARAN, AKIBAT TINA WABAH . BALUKARNA SEUEUR PISAN

PANGWANGUNAN ANU TEU ACAN KAGARAP.

PAMARENTAH OGE AYEUNA PARANTOS NYUSUN RENCANA KERJA PEMERINTAH DAERAH (RKPD) 2022, JEJER PANGWANGUNAN PURWAKARTA LANGKUNG NGUTAMIKEUN KANA MAHEUTKEUN KARAHARJAN MASYARAKAT SARENG *DAYA SAING DAERAH YANG BERKELANJUTAN*. PIKEUN NGALAKSANAKEUN ETA JEJER TEH, TAREKAHNA NYA ETA NGARONJATKEUN AJEN MASYARAKAT ANU *BERWAWASAN LINGKUNGAN* MAYUNKEUN KANA USAHA *PEMULIHAN* EKONOMI SABADA *PANDEMI COVID 19* DINA SAGALA WIDANG, NGARONJATKEUN JEUNG NAGALAKSANAKAN PAMARENTAHAN NU HADE TUR NYOKO KANA IPTEK SARTA NGARONJATKEUN *INFRASTRUKTUR* PEREKONOMIAN MASYARAKAT.

PARA WARGI ANU KU SIMKURING DI PIHORMAT,

SALUYU SARENG JEJER MIELING TAPAK GELAR (HARI JADI) KA-191 PURWAKARTA NYA ETA **"PURWAKARTA FESTIVAL 10 " DINA SUB JEJER " PEMULIHAN EKONOMI MASYARAKAT, KEBANGKITAN PARIWISATA DAN PELESTARIAN LINGKUNGAN**

.

HIDUP”.

BAPA/IBU KALIH PARA WARGI ANU KU SIM KURING DIPIHORMAT,

SALAJENGNA BARIS DITATAAN RUNTUYAN ACARA SAWALA PARIPURNA DANGET AYEUNA NYA ETA:

1. BUBUKA ;
2. MAOS AYAT SUCI AL QUR’AN;
3. - LAGU INDONESIA RAYA;
   - MARS PURWAKARTA;
4. BABAD PURWAKARTA;
5. BIANTARA
   -. BUPATI PURWAKARTA;
   -. GUBERNUR JAWA BARAT;
6. DOA/PUNGKASAN.

TAPAK GELAR (HARI JADI) KA-191 PURWAKARTA, LUYU SARENG PERATURAN DAERAH NOMER 2 TAUN 2006 ANU SAJARAHNA NYOKO KANA PINASTEN BESLUIT NOMOR 2 TANGGAL 20 JULI TAUN 1831, NGEUNAAN PAWASTAAN WILAYAH ANU DISEBAT PURWAKARTA. SEDENGKEUN

.

MILANGKALA KA – 54 KABUPATEN PURWAKARTA, DIDADASARAN KU UNDANG-UNDANG NOMOR 4 TAHUN 1968, NGEUNAAN PEMBENTUKAN KABUPATEN PURWAKARTA DAN KABUPATEN SUBANG, KU NGAROBAH UNDANG-UNDANG NOMOR 14 TAUN 1950, NGEUNAAN PEMBENTUKAN DAERAH KABUPATEN, DI LINGKUNGAN PROPINSI JAWA BARAT. NAMUNG KU LANTARAN *KONDISI* AYEUNA ANU TEU NYOKONG KANA KAAYAAN. NUMUTKEUN KANA HASIL RAPAT BADAN MUSYAWARAH PING 01 JULI 2022 GEUS DI PAHEUTKEUN REHNA SAWALA KARAHAYUAN RAPAT PARIPURNA DPRD DINA RARAGA MIELING TAPAK GELAR (HARI JADI) KOTA PURWAKARTA MIWAH MILANGKALA KABUPATEN PURWAKARTA DILAKSANAKEUN DINTEN AYEUNA. REBO PING 20 JULI 2021.

DINA DANGET IEU, ESTU KAWILANG BAGJANA SIMKURING ASMANA PINGPINAN, KALIH SAKUMNA ANGGOTA DPRD KABUPATEN PURWAKARTA, KEDAL LISAN WILUJENG, TAPAK GELAR (HARI JADI) KA-191 PURWAKARTA MIWAH MILANGKALA KA-54 KABUPATEN PURWAKARTA, MUGIA URANG SADAYA, HUSUSNA MASARAKAT PURWAKARTA, TI MANGSA

AYEUNA, NGAJADIKEUN KAKUATAN ANU WEWEG, PIKEUN NGARONJATKEUN PANGWANGUNAN ANU SAGEMBLENGNA.

TEU HILAP OGE NGAHATURKEUN PANGWILUJENG DINA RARAGA MILANGKALA KA-62 HARI BHAKTI ADHYAKSA, PING 22 JULI 2022, SARENG MILANGKALA ANU KA-76 BHAYANGKARA. MUGIA GINULUR KARAHAYUAN - GINANJAR KAWILUJENGAN, KALAYAN KUKUH PENGKUH DINA NGEMBAN PANCEN SEWANG-SEWANGAN.

BAPA IBU KALIH PARA WARGI ANU KU SIM KURING DIPIHORMAT,

LUYU SARENG KASAPUKAN PARA ANGGOTA DEWAN, DINA GEMPUNGAN BADAN MUSYAWARAH, WIREH TAPAK GELAR (HARI JADI) PURWAKARTA SARENG MILANGKALA KABUPATEN PURWAKARTA, HAKEKATNA MAH NY0REANG MANGSA KA TUKANG. SAKANTENAN NGAJI DIRI NYAWANG MANGSA DATANG, SUPADOS URANG SADAYA, SALAWASNA SYUKURAN KANA SAGALA RUPI KABAGJAAN ANU PARANTOS KAHONTAL, SAKANTENAN NALUNGTIK NAON RUPI KAKIRANGANANA.

.

BAPA IBU KALIH PARA WARGI ANU KU SIM KURING DI PIHORMAT,

SALAJENGNA PERYOGI DIDUGIKEUN DPRD KABUPATEN PURWAKARTA, DINA TAUN 2020- 2021, REUREUJEUNGAN SARENG PEMERINTAH KABUPATEN PURWAKARTA, PARANTOS NETEPKEUN:

1. TAUN 2021
    a. SAWELAS PERATURAN DAERAH.
    b. DUA PULUH TILU KEPUTUSAN DPRD.
    c. OPAT WELAS KEPUTUSAN PIMPINAN.
    d. SAPULUH KEPUTUSAN BERSAMA.
2. TAUN 2021 DUGI KA SASIH MEI 2022.
    a. SAPULUH KEPUTUSAN DPRD .
    b. LIMA KEPUTUSAN PIMPINAN.
    c. HIJI KEPUTUSAN BERSAMA.
    d. HIJI PERATURAN DPRD NOMOR 1 TAHUN 2022.

ANU MASIH KENEH DIKEUREUYEUH KU DPRD AYEUNA, AYA HIJI RAPERDA DI ANTAWISNA NYA ETA RAPERDA PENYEDIAAN PENYERAHAN,PENGELOLAAN SARANA PRASARANA UTILITAS UMUM PADA KAWASAN PERUMAHAN PERDAGANGAN DAN JASA SERTA KAWASAN INDUSTRI;

DIGARAP KALAYAN DARIA, ANU TAUN SAMEMEHNA TEU ACAN RENGSE.

KU KITUNA, SIM KURING SALAKU KETUA DEWAN, SEJA UMAJAK KA SAKUMNA WARGA MASYARAKAT, UTAMINA KA NU NYANGKING KALUNGGUHAN DI PAMARENTAHAN, HAYU URANG BABARENGAN, SAREUNDEUK SAIGEL, SABOBOT SAPIHANEAN, SABATA SARIMBAGAN, DINA MERENAHKEUN DIRI, JADI BAGIAN PIKEUN NGARARANCANG, NGALAKSANAKEUNTUR NALINGAKEUN LUMANGSUNGNA PANGWANGUNAN DI KABUPATEN PURWAKARTA, LUYU SARENG PANCEN TUR GARAPAN SEWANG-SEWANGAN. RUPINA MUNG SAKITU NU KAPIHATUR. MUGIA PISANGGEM NEMBE TIASA JADI PANGGEUING, OGE PAMAGEUH CANGREUD NU NGAHUDANG KASADARAN URANG SADAYA. UTAMINA KANGGO PEMERINTAH DAERAH OGE DPRD.

BAPA/IBU KALIH PARA WARGI ANU KU SIM KURING DIPIHORMAT,

KANGGO LANCARNA IEU ACARA, SIM KURING NEDA BANTOSAN KA PANUMBU CATUR, KANGGO NUYUN

.

LUMANGSUNGNA ACARA.

SALAJENGNA KA PANUMBU CATUR SUMANGGA DIHATURANAN.

CATATAN : RAPAT DIPANDU OLEH PEMBAWA ACARASAMPAI DENGAN PELAKSANAANACARA PEMBACAAN DO`A, SETELAH SELESAI KEMUDIAN PEMBAWA ACARA MENYERAHKAN KEMBALI KEPADA PIMPINAN RAPAT. SELANJUTNYA RAPAT DILAKSANAKAN SEBAGAI BERIKUT :

HATUR NUHUN KA PANUMBU CATUR, KANGO BANTOSANNANA.

PARA WARGI SIDANG DEWAN ANU DIPIHORMAT,

KIWARI PARANTOS SEUEUR BUKTOS SUKSESNA PANGWANGUNAN DI PURWAKARTA TUR PARANTOS KARAOS MANGPAATNA KU MASYARKAT. IEU HAL DIBUKTOSKEUN KU SEUEURNA PANGAJEN/PENGHARGAAN BOH DI TINGKAT

.

NASIONAL OGE DI TINGKAT INTERNASIONAL, DINA SAGALA WIDANG ANU DI CANGKING KU KABUPATEN PURWAKARTA SOK SANAOS MASIH KENEH AYA KAKIRANGAN PIKEUN PANGWANGUNAN KA PAYUNA MASIH SUEEUR HAHALANG ANU KEDAH DISANGHAREUPAN PIKEUN NGARONJATKEUN KARAHARJAAN RAHAYAT KABUPATEN PURWAKARTA.

DUMASAR KANA ETA HAL, TANGTOS PERYOGI GAWE BARENG TI SADAYA PIHAK. SIM KURING NGAHATURKEUN NUHUN KA SADAYANA STAKEHOLDERS PANGWANGUNAN, OGE RENGRENGAN PERANGKAT DAERAH DI LINGKUNGAN PEMERINTAH KABUPATEN PURWAKARTA KALEBET RENGRENGAN PEMERINTAHAN DESA SARENG MASYARAKAT KABUPATEN PURWAKARTA ANU PARANTOS MAPARIN PANGROJONG OGE GAWE BARENG, GOTONG ROYONG DINA NGALAKSANAKEUN PANGWANGUNAN KAMASYARAKATAN DINA TAUN 2021. MUGIA ALLAH SWT MAPARIN KARIDHOAN DINA RUPINING LENGKAH SARENG TAREKAH URANG PIKEUN MAJENGKEUN SARENG NGARAHARJAKEUN MASYARAKAT KABUPATEN PURWAKARTA. PAMUNGKAS CATUR DINA IEU KASEMPETAN, SIM KURING NGAHATURKEUN NUHUN OGE MUGIA GAWE

.

BARENG PEMERINTAH DAERAH SARENG DPRD TERAS LUMANGSUNG KALAYAN NGAWIRAHMA PIKEUN NYIPTAKEUN PURWAKARTA ISTIMEWA.

SAKITU ANU KAPIHATUR. RUNTUYAN ACARA PARANTOS RENGSE DILAKSANAKEUN KALAYAN LANCAR TUR TARTIB.

PANUTUP LAKU PAMUNGKAS BASA, SIM KURING SALAKU KETUA DPRD KABUPATEN PURWAKARTA, NGAHATURKEUN SEWU NUHUN LAKSA KETI KABINGAHAN KA PARA WARGI SADAYA, ANU PARANTOS LUNTUR GALIH KERSA RURUMPAHEUN SUMPING NGALUUHAN RAPAT DINA DANGET IEU. SALAJENGNA SIM KURING NEDA DIHAPUNTEN BOH BILIH LANGKUNG SAUR BAHE CAREK, AYA BASA NU KIRANG MERENAH NGALARAPKEUNANA, TEU LUYU SARENG TETEKON, NEDA TAWAKUP ANU KASUHUN. SAKALI DEUI, WILUJENG TAPAK GELAR (HARI JADI) KA-191 PURWAKARTA SARENG MILANGKALA KA-54 KABUPATEN KA. SAKITU ANU KAPIHATUR, KALAYAN NYEBAT:

"**ALHAMDULILLAHIRROBIL'ALAMIN**"

SAWALA KARAHAYUAN DPRD KABUPATEN PURWAKARTA

DINTEN REBO, KAPING 21 JULI 2020,

KU SIM KURING :

======= DI TUTUP ========

====== KETOK PALU 3 KALI ======

BILLAHITTAUFIQ WALHIDAYAH.

WASSALAMUALAIKUM WR WB.

DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH

KABUPATEN PURWAKARTA

SEKRETARIS,	KETUA DPRD
DRS. H. SUHANDI, Msi	**H . AHMAD SANUSI, SM**

GLOSARY

Tapak gelar	:	Hari Jadi
Seba-dasta	:	Mempersembahkan bakti
Sungkemkeun	:	Mempersembahkan
Pamikat sari	:	Pesona
Helok	:	Heran, aneh
jejer	:	Tema

Cara penulisan yang benar :

Bahasa Indonesia	**Basa Sunda**
Memperingati Hari Jadi ke-191 Purwakarta.	Mieling Tapak Gelar ka- 191 Purwakarta.
Hari Ulang Tahun ke-54 Kabupaten Purwakarta	Milangkala ka-54 Kabupaten Purwakarta
Hari Ulang Tahun ke-77 Proklamasi Kemerdekaan Republik Indonesia	Milangkala ka-77 Proklamasi Kemerdekaan Republik Indonesia

.

.

.

.

.

.

.

.

.